

Pawòl Koyeditè yo

Marc Prou epi P. Yves Voltaire

Pou Inivèsite Piblik nan Vil Pwovens yo (*UPR* an franse) fete dizyèm ane (2006 – 2016)) depi ministè Edikasyon nasyonal ak Fòmasyon profesyonèl (MENFP) te kreye yo a, yo deside fè sis aktivite. Senk ladan yo deja fèt, oubyen yo prèske reyalize: 1) fete inogirasyon inivèsite piblik sidès la nan Jakmèl nan mwa desanm 2015; 2) kontinye avèk demach yo nan ministè Planifikasyon ak Kowoperasyon ekstèn (*MPCP* an franse) epi ministè Ekonomi ak Finans (MEF an franse) pou yo bati yon kanmpis pou chak inivèsite ki nan vil pwovens yo; 3) kreye yon pwogram metriz nan ekonomi ak jesyon kolektivite teritoryal yo epi nan syans edikasyon nan kat premye inivèsite piblik nan vil pwovens yo, sa vle di branch ki Okay, Gonayiv, Okap epi Jakmèl la; 4) kòmanse patisipe prese prese, nan tout fakilte syans edikasyon yo, espesyalman Inivèsite Piblik Nip lan (*UPNip* an franse) nan fòmasyon pwofesè lekòl fondamantal yo, san rete, jouk yo kapab genyen pèmi yo pou yo anseye; òganize nan Inivèsite Piblik ki nan Nò a, nan vil Okap, yon kolòk entènasyonal sou mobilizasyon pou repare anviwonman Ayiti a. Kolòk sa a ap fèt an kolaborasyon avèk Asosyasyon Etid sou Ayiti (*Haitian Studies Association: HAS*). Gras ak piblikasyon kaye tematik sa a sou inivèsite piblik nan vil pwovens yo, se ak kè kontan nou ap suiv fason sizyèm pwen nan aktivite senbolik yo ap ateri an dousè pou li make kòmansman dezyèm deseni rezo inivèsite sa a. Nan sans sa a, pandan *Haiti Perspectives* ap konsève fòs karaktè syantifik li, li parèt tankou yon bèl bouke remèsman pou premye moun ki te travay di pou Inivèsite Piblik nan vil Pwovens yo te kab ekziste. Genyen ladan yo ki deja pati pou peyi san chapo. Nou nonmen: Minis Gabriel Bien-Aimé, Rektè Michel Saint-Louis epi Pè Micial Nerestant. Nou dwe siyale tou, sila yo ki kontinye ap goumen nan MENFP a epi nan sosyete sivil depatman kote yo viv yo, oubyen ki rete solidè ak dosye sa a an Ayiti kou nan peyi etranje.

Alapapòt, nou ap di Samuel Pierre, James Féthière, Paul Bénédicte ansanm ak tout ekip *Haiti Perspectives* la mès pou espas yo bay refleksyon ak rechèch plizyè moun sou rezo Inivèsite Piblik vil pwovens yo nan kaye tematik sa a.

Nou te genyen chans fè eksperyans ak konsèp oubyen metodoloji *Haiti Perspectives* la, sa vle di: chwazi yon pwoblèm ki gen yon enpòtans nasyonal epi mande moun ki sou teren an pou yo prezante rechèch sou dosye a, yon fason pou yo kreye yon deba

nasyonal ki chita sou yon bon jan analiz reyalite a epi vini ak aksyon estratejik byen planifye pou rezoud pwoblèm lan. Sa se yon bon jan kontribisyon nan travay rekonstriksyon nasyonal la. Konpliman pou Gwoup rechèch ak aksyon pou Ayiti tou nèf la (*GRAHN*) pou kalite inisyativ sa a.

Nan ane 2013, *Haiti Perspectives* te deja bibliye yon kaye tematik sou tèm: Anseyman siperyè epi inivèsite, kote nou jwenn de (2) atik sou Inivèsite piblik nan vil pwovens yo. Menm lè nou ap suiv menm chemen an, nimewo sa a diferan, paske li rete prensipalman nan kad yon fenomèn tou nèf nan espas inivèsite Ayiti a, ki genyen aparisyon, kwasans, finansman, gouvènans, fonksyonman, konstriksyon enfrastrikti, devlopman aplikasyon prensip asirans pou kalite epi prezans dirab Inivèsite piblik nan vil pwovens yo nan nèf depatman jeyografik Ayiti, san konte depatman Lwès la, ki genyen chèflye li Pòtoprens, ki se kapital peyi a. Se la, malerezman, tout administrasyon konsantre.

Kaye sa a kòmanse avèk atik **Narcisse Fièvre** la ki rele:

« *Le Réseau des universités publiques en région dix ans après: vue d'ensemble sur son extension, sa première phase de consolidation et ses nouvelles perspectives de développement* ». Atik la prezante yon rezime sou ekstansyon Inivèsite piblik nan vil pwovens yo nan karaktè inik yo kòm enstitisyon otonòm epi solidè. Se sa ki pèmèt yo aprann yonn nan men lòt apati eksperyans chak enstitisyon, epi pou yo ajanse pwogram yo sou kowòdinasyon kabinè Minis la epi direksyon anseyman siperyè epi rechèch syantifik (*DESRS*). Nesesite epi ijans pou genyen yon lwa sou anseyman siperyè parèt aklè nan atik la. Apre sa, nou antreprann, nan lòd yo te bati yo a, yon vizit gide nan senk pami nèf Inivèsite piblik ki nan vil pwovens yo avèk kè kontan yo, divès defi yo epi tout kalite espwa yo genyen. Pou kòmanse, rektè **Roldano Auguste** mennen nou nan Inivèsite li a « *L'Université Publique de l'Artibonite aux Gonaïves (UPAG): un outil de développement régional et de réforme de l'enseignement supérieur haïtien* ». Apre sa, nou ale nan « *L'Université Publique du Nord au Cap-Haïtien (UPNCH): l'opportune contribution à la formation universitaire dans le département du nord* » avèk dwayen Fakilte syans edikasyon an, **Jean Luc Fénéus**. Apre sa, rektè **Jomanas Eustache** montre nou enpòtans « *L'Université Publique de la Grand'Anse (UPGA): éduquer pour le progrès de la communauté* ». Bò kote

pa li rektè **Bernard Nemorin** ban nou kèk enfòmasyon tou nèf sou « *L'Université Publique du Nord-Est à Fort-Liberté (UPNEF): historique et perspectives de développement* » Pou nou fini, nou deside louvri yon refleksyon sou yon pwoblematik fondamantal epi ki parèt nonsèlman nan UPR yo, men nan tout sistèm edikasyon ayisyen an, nou vle di: pwoblèm de (2) lang ofisyèl nou yo, kreyòl ak franse, kòm lang pou ansèyman, san nou pa bliye lòt lang ki nan kontinan an, tankou anglè ak espayòl. **Marky Jean-Pierre**, manm Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA), envite nou nan yon dyalòg sou yon tèm esansyèl, ki parèt nan yon atik li a, ki rele: « Kesyon Lang lan nan Ansèyman Siperyè nan Peyi Ayiti » Nan atik sa a, otè a pwopoze pou nou entegre yon Fakilte Edid Kreyòl nan chak branch UPR yo ak nan Inivèsite Leta Ayiti a.

Chak grenn, pami atik ki parèt nan nimewo sa a, demontre UPR yo kontribye agranjman pou demokratize epi rann ansèyman siperyè a posib nan chak grenn depatman an Ayiti, malgre divès difikilte finansman epi kèk grèv akonpaye ak vyolans pwofesè yo ak etidyan yo te fè. Tout sa rive, nan yon moman kote kantite elèv ki ap fini etid segondè yo ap monte an flèch, poutan, pa menm genyen yon politik nan sistèm ansèyman an pou akonpaye yo. Kounye la a, inivèsite piblik ki nan vil pwovens yo twouve yo nan yon sitiyoasyon kote yo dwe leve defi nan varye sous finansman yo, nan bati nouvo kanmpis, nan kreye plis plas pou fòmasyon nan syans ak teknoloji aplike, nan kreye lyen ant ansèyman ki gen bon jan kalite epi etik pwofesyonèl ansanm ak itilizasyon sistèm nimerik pou yo kab genyen yon enpak enpòtan sou kreyasyon travay epi elimine povrete wòdpòte ki gen Ayiti a ozalantou ane 2030. Konsa, modèl pou nou kreye yon inivèsite piblik nan chak depatman jeyografik la trè efikas pou desantralizasyon peyi a, epi pou devlope li yon fason dirab. Sa ki rete kounye a, se estriktire legalman sistèm ansèyman siperyè piblik ayisyen an apati yon amonizasyon ant enstitisyon ki sou kont UEH yo epi Rezo UPR yo, epitou favorize yon partenarya avèk inivèsite prive yo, an patiklye apati Konferans rektè yo epi prezidan inivèsite ayisyen yo (CORPUHA an franse).

Travay nou fè pou nou mete kaye tematik sa a sou pye avèk kolaborasyon kèk patnè nan UPR yo, se yon konbit wololoy ant Konsèy rektè UPR yo, MENFP, GRAHN, ISTEAH epi kèk kòlèg pwofesè-chèchè pou yon pi bon konpreyansyon, oryantasyon epi animasyon nan lavi etidyan yo ak lavi anseyan yo nan Rezo UPR la.

Piblikasyon nimewo sa a se yon siyal pou endike nou ap rapousiv kolaborasyon an nan dizan ki ap vini yo, epi li se yon rèl rasanbleman pou lòt patnè potansyèl yo vin kole zèpòl ak nou yon fason pou nou kontinye batay pou genyen yon edikasyon ak kalite wòdpòte nan sèvis lakilti, lapè epi yon devlopman entegral

Kon sa, ansanm, nou va rive, piti piti, kreye an Ayiti yon sistèm ansèyman siperyè nasyonal nan yon nivo mondyal. Yon sistèm edikasyon siperyè ki kab ede amilyore antrepriz ki nan peyi a, rann yo konpetitif epi pou pèmèt peyi a byen jwe wòl li nan devlopman dirab kolektivite teritoryal li yo epi pwoteje vilaj mondyal la ki se an menm tan « kay nou tout », pou byennèt jenerasyon ki nan wout ap vini yo. ■

Marc Prou, Ed.D., co-fondateur et directeur exécutif de l'Association d'études haïtiennes (HSA) est professeur associé d'Études africaines et caribéennes à l'Université du Massachusetts, Boston. Il est également chercheur associé et directeur du centre de formation InnovEd-ISF à l'Université Quisqueya. marc.prou@umb.edu

Yves VOLTAIRE, Ph.D. est co-fondateur de l'Université Publique du Sud aux Cayes (UPSAC), qu'il a dirigé de 2006 à 2013, et de l'Université Publique des Nippes (UPNip) dont il est le recteur depuis 2014. Membre du conseil d'administration de l'Association des Etudes Haïtiennes (*Haitian Studies Association*), il a fait ses études doctorales en sociologie à l'École des Hautes Etudes en Sciences Sociales (EHESS) de Paris. Il détient également un Master en théologie biblique et études juives (Jérusalem), en relations internationales (Paris) et en psycho-éducation (Montréal). Originaire de Miragoâne, où il a fait ses études classiques, il a été formé en philosophie et en théologie au Grand Séminaire Notre-Dame d'Haïti. Co-fondateur de la paroisse de Paillant, il est actuellement prêtre aumônier de la pastorale universitaire et coordonnateur des écoles catholiques du diocèse d'Anse-à-Veau et de Miragoâne. Il a publié divers articles sur les relations haïtiano-dominicaines, sur l'enseignement supérieur et sur l'éducation environnementale, notamment dans le *Journal of Haitian Studies*. yvoltaire@gmail.com

